



## Udukeneye wodutora gute?

Urashobora kudutora umwanya wose kuri iyi no-  
mero ya terefone:

 078/15.43.24

Urashobora kandi kuturungikira **ubutumwa ukore-  
sheje ubuhinga ngurukanabumenyi** kuri:

 [tutelles@just.fgov.be](mailto:tutelles@just.fgov.be)

Ukeneye uwugufasha kudutora, urashobora gu-  
saba uwujewe guteza imbere abantu mu kiba-  
no asanzwe ariko aragufasha mu kigo cakwaki-  
riye akakwereka uko wodutora canke ugasaba  
**umushingwamanza wawe** akagufasha.

# Umurezi wa MENA



Twafashe ko uri MENA, n'ukuvuga umwana atarakwiza imyaka 18, ava mu kindi gihugu kandi adafise uwumuherekeje.



## «MENA» bisigura iki?

Bisigura ko:

- Ufise imyaka iri **musi ya 18**
- Nta **bwenegihugu bw'Ububirigi ufise**
- Nturi kumwe n'abavyeyi bawe mu gihugu c'Ububirigi
- **Nta ruhusha rwemewe n'amategeko** rwo kuba mu Bubirigi ufise

Mu gihugu c'Ububirigi, abana b'abanyamahanga batarakwiza imyaka 18 kandi badafise uwubaherekeje, barafise uburenganzira bwo kuronswa **umurezi**.



FEDERAL PUBLIC SERVICE  
**JUSTICE**



## None... umurezi akora iki?

Umurezi ni **umuntu tugena kugira akube hafi kandi agufashe mu buzima bwawe bwa minsi yose mu Bubirigi.**

**Niwe aguserukira imbere y'amategeko:** bisigura ko ariwe agufasha muvyo usabwa gukora vyose kugira uronke uburenganzira bwo kuba mu Bubirigi. Nk'akarorero, nimba uriko urasaba ubuhungiro canke uriko urasaba kuba mu Bubirigi, aragufasha mu gihe cose umara uriko urarondera ibisabwa vyose.

Hari n'ibindi umurezi akora. Ng'utu uturorero tumwe-tumwe:

- **Arakugendera kenshi;**
- **Aragusigurira ingingo abategetsi bafashe zikwerekeye;**



- Arakuronderera **umushingwamanza** agufasha **ku buntu**;
- Arasuzuma ko ahantu uba hakuguye neza kandi, iyo bikenewe, **aragufasha kurondera ahantu ho kuba hokugwa neza**;
- Arakwandikisha mw'ishure kandi ategerezwa kuguma asuzuma ko ata kibazo na kimwe ufise **kw'ishure** ;
- Iyo ufise ingorane zijanye n'amagara yawe, arakora ibishoboka vyose kugira uvurwe neza;
- niwe amenya uko amahera yawe akoreshwa kandi mubanza kubiyaga;
- iyo hari ingorane, arakwumviriza ukazimuyagira;
- arubahiriza ivyiyumviro vyawe n'ukwemera kwawe;
- Arakuganiriza ku bijanye na kazoza kawe;
- Iyo ubishatse, **aragufasha kurondera abavyeyi bawe**;

Ufise ibibazo vyerekeye ibikorwa umurezi **wawe aje-jwe** gukora, urashobora kubimubaza.



## Ivyo kugira umurezi bizomara igihe kingana gute?

Umurezi wawe aragufasha gushika **ukwije imyaka 18**. Ukwije imyaka 18, uca widegemvya.

### Ivyo bisigura iki?

**Bisigura ko haba hageze ko wewe nyene ubwawe utangura kwitwararika ubuzima bwawe.**

Umurezi ntazoba agishobora kugufatira ingingo. Mugabo ntugire ubwoba, **umurezi wawe azogufasha gutegura isabukuru yawe y'imyaka 18**: azoguha impanuro kandi azokubwira ivyo utegezezwa kumenya.

Ariko birashoboka ko akazi k'umurezi wawe gahagarara imbere yuko ukwiza imyaka 18: bishitse abavyeyi bawe bagashika mu Bubirigi canke bishitse ukava mu Bubirigi. Ivyo biramutse biba, tuzokurungikira ikete rikumenyesha ko ata murezi ugifise. Uwo murezi azobikubwira.



## Bigenda gute iyo bishitse ukagiranira ingorane n'umurezi wawe?

Uwo murezi ategerezwa kukwumviriza kandi akakuba hafi. Gerageza kumubwira ibitagenda neza.

### Niyo ibintu bitasubira mu buryo naho?

- **Turondere;** turashobora kugerageza gutora umuti w'ico kibazo.
- **Urashobora kandi kwitura umushingantahe atatura amatati mu kibano.** Ajejwe gutore-ra umuti ingorane ziri hagati yawe n'umurezi wawe. Urashobora kutubaza amakuru yiramvuye canke ukayabaza umukozi ajejwe ibikorwa vyo guteza imbere abantu mu kibano (travailleur social) akorera mu kigo cakwakiriye.